

Стр. 2

мажлис

ЛъаратIа мугIалимзабазул данделъи

дин ва гIумру

Къурбан хъвеялъул хиралъи




Стр. 3


# ЛЪАРАТIА

ЛъаратIа районалъул газета



№ 14 * Сентябрь 2015 с. Газета биччала моцIида жаниб кIиго нухалъ. Багьа 10 гъ.


*цIиял харбал*

# РЕСПУБЛИКАЯЛЪУЛ БЕТIЕР ЛЪАРАТIЕ ЩВАНА

**Август моцI нилъер районалъе лъугьана гIадатияб гуреб, лъугьа-бахъиназул, батIи-батIиял данделъабазул ва цIиял харбазул цIураб. Аслияб лъугьа-бахъинлъун нилъер районалъе рикIкIизе бегьула ЧIадаколоб ва ЦIумилухъ росабалъе республикаялъул нухмалъулес сапар бухьи.**

Августалъул къоло ичIабилеб къоялъ нилъер районалде щвана республикаялъул бетIер, Рамазан ГIабулатIипов. Гьев жиндирго рокъове Гьебгъуде щвей гуреб жамагIаталъулгун дандчIвай гьабизе араб соналдаса нахъе кIиго-лъабго нухалъ щваравлъи лъала нилъеда.

Гьенисан бихьулеб буго нилъеда республикаялъул бетIерасул жиндир гIагараб районалдехун хасаб бербалагьи бугеблъи. Гьеб кутакалда нилъер районалъул жамагIаталъе рохизе ккараб жо буго, нилъеда лъала ЛъаратIа район дол цересел саназда республикаялъул нухмалъиялда тIубанго кIочон тараблъун букIана. АнцI-анцI сонал сверулел рукIана республикаялъул бетIер киса, гьениса цониги министр вачIинчIого. РукIун ратаниги цIакъго къанагIатго. Гьеб кинабго хIисабалде босулеб батилаха республикаялъул бетIерас. Щибаб Рамазан ГIабдулатIиповас районалде бухьараб сапаралде кIваркьун балагьун буго районалъул жамагIатги.

## ЧIадаколоб данделъи

Гьаб ахираб сапаралда Рамазан ГIабдулатIипов тIоцеве рещтIана ЧIадаколоб росулъ жамагIаталъулгун дандчIвай гьабизе. ГIолохъанаб школалде хьвадулеб мехги, живго цIалараб школаги бихьарабго цо рекIее асар гьабунин жиндиеян бицана гьес. Гьаниб лъунила жинца гIумруялда жаниб гIелмияб рахъалъул тIоцересел галаби.

ЦIакъго тIадегIанаб къимат кьуна гьес жиндирго рукIарал мугIалимзабазеги, цадахъ цIалулел рукIаразеги ва гьединго Ч!адаколоб росдал жамагIаталъеги. РакIалде щвезаруна ЧIадаколоб школалда нилъер мугIрузул ахада бугеб районалде рикIкIада Россиялъул шагьараздаса нилъерго лъималазе лъайгун тарбия кьезе щварал мугIалимзаби. Гьезулги киналго руччаби рукIанилан бицана.

Гьеле гьединал захIмалъабигун данд чIвалел рукIана доб заманаялъул гIадамал, улка цолъизабизе, улкаялъул лъималазе лъай щвеялда тIад хIалтIун. ГьабсагIатги нилъее бищунго кIвар бугеб суаллъун бугила цолъи, гIицIго цолъун гурони ресги гьечIила кIудияб ва тIадегIанаб даражаялде инсан щвезе.

Гьединго кIвар бугеблъун ккола гьаб заманаялда батIи-батIиял хъачагъаз, террористаз, экстремистаз нилъер ракьалде гьужумал гьарулеб мехалъ, хIукуматалъулгун рухIияб, динияб рахъ рекъон хIалтIизабизе лъай. Хадубги баркана республикаялъул бетIерас киназдаго, гIемераб заманаялда гьоркьоб тIоцебесеб сон терактал гьечIого тIобитIи. Цо рахъалдасан цIакъго нилъ пашманлъизе ккараб жо буго гьеб, цо сон такъсирчагIазул гьужумалдаса рорчIун тIобитIана абураб хIакъикъат.

Республикаялъул нухмалъулес кIвар буссинабуна гIемерал суалазде, киса-кивего щун, жиндиего хасиятаб, борцIараб хIалалъ бичIизабуна киназдаго, кин хьвадачIвадизе кколеблъи. Гьес баркана цIияб цIалдохъабазда цIияб цIалул сон ва гьаруна сайигъатал тIоцере школалде ине къачIарал гIисинал лъималазе. Гьениса киназго сапар бухьана районалъул бищунго чIахIиял росабазул цояб, ЦIумилухъ росулъе.



*Ахир 2 аб. гьум.*

# ЛЪАРАТIА ЛЪАЯЛЪУЛ КЪО КIОДО ГЬАБУНА



**ТIоцебесеб сентябралда ЛъаратIа гьоркьохъеб школалда цебе тIобитIана цIияб цIалул сон кIодо гьабиялъул байрам. Гьениб гIахьаллъи гьабуна районалъул нухмалъиялъ, школалъул мугIалимзабазул коллективалъ ва гьединго цIалдохъабаз, тIоцере школалде хьвадизе байбихьараз ва гьаб тIаде бачIараб сон жидее ахираб цIалул сонлъун бугел выпускниказ.**

Исанаги киса-кибего гIадин нилъер районалдаги кIодо гьабуна гьеб кIудияб праздник.

МугIалимзабазе, цIалдохъабазе ва гьезул эбел-инсуе хасаблъун бугеб къо ккола I сентябрь. ЦIакъго кIвар бугеб ва инсанасул гIумруялда аслияб ва инсан лъугьинавулеб, гIезавулеб бакIлъун ккола школаян аби буго.

Ахираб заманалда ЕГЭязги, ГИАязги цIаличIого хутIарал, лъай щвечIел лъималазе гьабураб жо бихьун хадуб, бокьаниги бокьичIониги киналго цIализе тIамизе ругин ккола. Доб цебе гIадин гордухъан жанире шпаргалкаби рехун, жанире хIадурарал бланкалгун чагIи ритIун, бокьа-бокьахъе экзаменал кьолеб къагIида ана цебе.

Гьанже ЕГЭ кьолеб школалъул азбаралъурецин риччаларо цониги чи. Сверун камерабазги ккун, аскIосан хал гьабулев чиги вагъаризе виччачIого цо бакIалдеги гъун кьезе тIамула ва жиндирго лъаялда рекъараб къиматги кьола.

Гьеб заман цебе иналда божичIезе исана ихдал кьураб ЕГЭялъ бихьизабуна кинабго ва кинаб къагIидаялъ гьанжеялдаса нахъе кьезе бугебали.

*Ахир 2 аб. гьум.*

*цIиял харбал*

# РЕСПУБЛИКАЯЛЪУЛ БЕТIЕР ЛЪАРАТIЕ ЩВАНА

*Байбихьи 1-себ. гьум.*

## ЦIумилухъ данделъи

Рамазан ГIабдулатIиповги, районалъул нухмалъиги, цадахъ районалъул киналго идарабазул бутIрулги, цоги хIалтIухъабиги ЧIадаколоса сапаралъ щвана ЦIумилухъ росулъе.

ЦIумилухъ росулъ данделъи тIобитIана жамагIат гIемераб букIиналъ гуребги гьеб росу республикаялъул бетIерасе хасаб букIиналъ. Нилъер гIемеразда лъалеб батиларо Рамазан ГIабдулатIипов жеги гIолохъанаб мехалъ ЦIумилухъ росулъ хIалтIун вукIана фельдшерлъун. Гьенисан араб буго гьесул хIалтIулаб нухъ.

ЦIумилухъ росдал жамагIаталъ цIакъго хинаб дандчIвай гьабуна ГIабдулатIиповасулгун. Росу бакьулъ бугеб кIудияб майданалда цо чи вагьаризе бажарулеб хIал букIинчIо халкъалъул гIемерлъиялъ. ГIабдулатIиповасул кIалъаялъулъ щибаб минуталдасан хъат кьабулезул букIана кIудияб хъуй. Гьес ракIалде щвезабуна живго хIалтIун вукIараб мех, росдал чIахIиял гIадамал, мугIалимзаби, бихьизабуна живго вукIараб рукъ, кинабго.

Гьес тIоцебе кIвар буссинабуна ЦIумилухъ росдал цо хасаб жидеего хасиятаб гIадлу-низамалде. Гьениб кидаго букIанила гIадлу, низам, чIахIиял чагIазул адаб-хIурмат, дин гьаби ва хасго хIалтIудехун бугеб гьира-шавкъ. Гьанир кидаго рукIана унгоял росдал магIишаталдехун рокьи бугел, хIалтIизе бокьулел, жидецаго захIмат цIан магIишат-яшав гьабулел гIадамал.

ГьабсагIаталъ росдал магIишаталдехун цIикIун кIвар бугеб заманаялда хIалтIизе бажарулел чагIи цIакъго дагьал гурони ратизе бегьулеб гьечIилаян бицана Рамазаница. Гьединлъидал хIалтIизе бокьарав ва бажарулев чиясул къимат бугила республикаялдаго.

ЦIумилухъ росдал жамагIаталъги цIакъго кIудияб хIадурлъи гьабун букIин бихьулеб букIана цере рахъун кIалъалел, кучIдул цIалулел гIисинал лъималахъ балагьун. ЖамагIаталъул рахъалдасан гьитIинабго сайигъат букIана гьеб ГIабдулатIиповасе, культураялдехун гьесул бугеб рокьиги хIисабалде босун.

ГIемер халат бахъичIого, Ч!адаколобгIадин гIисинал тIоцебесеб классалъул цIалдохъабазе сайигъаталги кьун, росдал жамагIаталъе кIудияб баркалаги кьун лъугIизабуна данделъи.

Гьединаб ккана республикаялъул бетIерасулгун росабазул жамагIаталъул данделъи.

Гьединал данделъаби гIемерлъаги нилъее.

**Расул АБАКАРОВ**

---

# ЛЪАРАТIА ЛЪАЯЛЪУЛ КЪО КIОДО ГЬАБУНА

*Байбихьи 1-себ. гьум.*

Гьеле гьеб кинабго ахIвал-хIал бичIчIизабуна тIоцебесеб иргаялда лъималазда праздник баркизе рагIи щварал мугIалимзабаз, хIакимзабаз ва районалъул нухмалъиялъ. ЦIакъго тIадегIанаб ва борхатаб даражаялда хIадурлъун рукIин бихьулеб букIана тIоцебесеб классалъул гьитIинал цIалдохъабаз цере рахъун цин магIарулалъ ва цин гIурус мацIалъ цIалулел кучIдузухъ балагьун. ХIинкъичIого, нечечIого цере рахъана киналго ва берцинго бихьизабуна жидерго хIадурлъи.

ЦIалдохъабазда тIоцебесеб сентябрь баркизе цеве вахъана ЛъаратIа районалъул бетIер МухIамад ГIалиханов, районалъул администрациялъул бетIер Ражаб Ражабов, районалъул администрациялъул бетIерасул заместителал Рамазан ГIабдулхаликъов ва Мадина Саидова, ЛъартIа росдал имам ГIабдурахIман ГIумаров ва ЛъаратIа гьоркьохъеб школалъул директор Зарият Асильдарова. Гьединго праздник цIалдохъабазда баркизе республикаялдаса щвана нилъерго ракьцояв, халкъияб собраниялъул депутат Джамал ГIумаровги.

Гьезул киназго тIоцебесеб иргаялда баркана цIалдохъабазда тIоцебесеб сентябрь ва бичIизабуна цIалиялъул ва лъай щвеялъул бугеб кIвараралъуги. Инсанасул гIумруялъулъ лъай щвечIого хутIарав чиясе бугеб захIмат ва гIакъуба бичIизабуна киназго. ГIелмуялъ ва лъаялъ гIумруялъул захIмалъабазда киналго нухал рахъулеллъи лъала нилъер киназдаго, амма цIалуде гьира киназулго букIунареблъиги лъала, кигIан пашманаб хIакъикъат гьеб бугониги. Ахиралда цойги нухалъ районалъул хIакимзабаз баркана цIалдохъабазда цIияб цIалул сон, гьарана гьезие щулияб сахлъиги, гьунар, лъайги. Гьединаб лъугьана исанасеб цIалул сон байбихьиялъул байрам. Жеги кIудиял праздниказда, байрамазда ракIарила цоги районалъул школаздаги, гIицIго ЛъаратIа гьоркьохъеб школалда гурел. Хабар лъикIаб рагIайги.

**Расул АБАКАРОВ.**

---

# ЛЪАРАТIА МУГIАЛИМЗАБАЗУЛ ДАНДЕЛЪИ

**Къоло анкьабилеб августалда ЛъаратIа культурияб рукъалъул кIудияб залалда тIобитIана районалъул нухмалъиялъулги мугIалимзабазулги данделъи. РакIарана киналго школазул филологалги, математикалъул мугIалимзабиги, директоралги ва.гь.ц. Филологалги математикалги гIемер ракIарун рукIана араб цIалул соналъул ЕГЭялъул хIасилазул хIисабал гьарулел рукIиналъ. Нилъеда лъала гьеб кIиго экзамен кьечIого цIолдохъабазе аттестатал щолареблъиги.**




Данделъиялда гIахьаллъи гьабуна районалъул администрациялъул бетIер Ражаб Ражабовас, гьесул заместитель Рамазан ГIабдулхаликъовас, районалъул лъайкьеялъул идараялъул нухмалъулев Сулейман Меджидовас, районалъул администрациялъул ишазул нухмалъулев ГIумар МухIамадгIалиевас ва гьел гурел цоги районалъул, лъайкьеялдехун гIахьаллъи бугел киназго.

Данделъи байбихьана Ражаб Ражабовас, гьес цеберагIиги бицун хехго микрофон кьун, трибунаялде кIалъазе рагIи кьуна Сулейман Меджидовасе. Сулейманица халатаб докладги цIалун рехсана киналго школазул, директорзабазул гIунгулъабиги, тIокIлъабиги. Рехсана киналго ЕГЭ кьезе бажаричIел лъимал ругел школабиги ва гьаруна гьезие кколел бадирчIваялги.

Сулейманил рагIабазда рекъон гьаб соналъ кIудияб кIвар кьезе бугин мугIалимзабаз лъималазул цIалул суалалде, щайгурелъул киназдаго бихьана гьоркьисеб цIалул соналъул хIасилалда аттестат гьечIого лъимал хутIараблъи.

Гьединаб рес букIине буго абураб жоялде лъимал божизе тIамизе бажарулеб букIинчIила гьанжесагIан, гьабсагIаталъ киназдаго бихьулеб буго ЕГЭ кьолеб кьагIида букIаралдаса кьваризабун букIин.

Сулейманица гьединго рехсана районалда лъай кьеялъул рахъалъ цебесеб кьерда ругел школаби. Гьезда гьорлъе уна КъамилухI, Гьенеколоб, ЛъаратIа, ЦIумилухъ, Мазада, Гьукъал ва Шидиб гьоркьохъел школаби. ЛъикIал хIасилал ЕГЭялда рихьизари гуребги, районалда тIоритIулел батIибIатIиял цIалиялъул рахъалъ кьецазда гIахьаллъи гьабулебги бугила гьел школаз. Гьединлъидал гьездаса мисал босизе ккелила хутIаразги.

Президиумалда гIодор чIаразе киназего рагIиги кьун, районалда лъикIаллъун рикIкIарал мугIалимзабазе рагIиги кьун къокъгьабун лъугIизе тана мугIалимзабазулгун данделъи. Ройаналъул нухмалъиялъ баркана цIалдохъабаздагун мугIалимзабазда цIияб цIалул сон ва гьарана гьезия талихIгун бах цIалулъ ва лъай кьеялъулъ

**ЧАКЪАЛОВ**

---

## Гьикъе - бицина

**Нилъеца гIумру гьабулеб ракь хIакъикъаталдаги батIи-батIияв пихьаз, овощаз гьарзаяб бакI буго. Гьелда тIадеги нилъеда сверухъ ругел мугIрул - щобаздаги даруял хурдул гIемерал руго. Жакъасел къоязда аптекабахъги гьел камун гьечIо, букIаниги бокьилаан лъазе кинаб нигIматалъулъ кинал витаминаз бечед рукIунел баянлъи лъазе.**

А — **витамин** - ламадур, гIакдал нах, хIан, ханал.

Д — рахь, ханал, треска, ччугIил тIул, ччугIа.

Е — цIоросаролъил, хурдузул нах, оливкабазул нах, багIаргьоло.

К — гIурччин крупаби.

В1 — пурчIина, цIулакьо, парсцIулакьо.

В2 — ролъ, соя, капуста, тIул, тIогьилаб хоно, хIан.

РР — гIурччинал овощал, цIулакьо, ролъ, гьан, пиринчI, гIанкIу, тIул, ччугIа, рахь, хIан.

В5 — гIурдахIанал, пиринчI, тIул, гьан.

В6 — гIурччинал овощал, гьан, тIул, ччугIа, рахь, ханал.

В9 – цIулакьо, гIурччинал овощал, багIаргьоло, бананал, апельсинал, ханал, гьан, овощал, шпинат, капуста.

Н – тIогьилаб хоно, тIул.

**БЕТА-КАРОТИН** – ламадур, гьаран, шпинат, гIурччинлъи, пастIан, помидор, капуста, курак.

**Интернеталдаса босараб.**

*обращение пограничника*

**В ГрОС ПУ ФСБ России по Республике Дагестан для согласования с руководством Пограничного управления**

# СТАТЬЯ

## в общественно-политические газеты муниципальных образований на участке дислокации Службы в поселке Хунзах, посвященная 20-летнему юбилею со дня образования Службы в поселке Хунзах

1 августа 2015 года пограничники отпраздновали 20-летний юбилей со дня образования Хунзахского пограничного отряда - Службы в поселке Хунзах.

Прошло 20 лет с той памятной даты, когда в 1995 году для охраны Государственной границы Российской Федерации с Республикой Грузия на южных рубежах Республики Дагестан были выставлены первые подразделения пограничников.

За два прошедших десятилетия многое изменилось в организации пограничной деятельности, так и в жизни и быте пограничников.

Были построены в введены в строй новые современные комплексы пограничных застав, что не только позволило усовершенствовать и повысить надежность охраны границы, но и условия жизни и быта пограничников.

На вооружение поступили и поступают новые образцы военной техники и вооружения, существенно изменился порядок комплектования пограничных органов: с 2008 года службу в подразделениях проходят только военнослужащие по контракту, «солдаты – срочники» в рядах пограничников остались в прошлом…

Анализ общественно-политической ситуации показывает, что в последнее время наметилась устойчивая тенденция стабилизации обстановки по Республике Дагестан. Большая часть населения приграничных районов Дагестана положительно относится к деятельности руководства федерального центра и властей республики по улучшению социально-экономического положения жителей. Население приграничья и главы муниципальных образований позитивно оценивают деятельность пограничников, созданию современной системы защиты и охраны государственной границы, с пониманием относится к требованиям закона по соблюдению правил пограничного режима.

И все же, несмотря на повышение степени надежности охраны государственной границы, ситуация на участке ответственности пограничников остается достаточно напряженной, по-прежнему сохраняется вероятность попыток нарушения государственной границы как в Российскую Федерацию, так и из Российской Федерации членами бандподполья. Это требует от пограничников постоянной готовности к действиям в различных условиях обстановки, в том числе и с применение оружия возможных боестолкновениях с вооруженным противником.

Пример тому - геройские действия наших пограничников в схватках с бандитами в период с 2004 года по настоящее время.

Именно в Службе в поселке Хунзах совершили свой бессмертный подвиг верные сыны Дагестана капитан Радим Халиков, старшина контрактной службы Мухтар Сулейманов и сержант контрактной службы Абдулхалик Курбанов, которым в 2004 году было присвоено звание Героев России (посмертно).

Они сражались и погибли за Родину. Они защищали Родину, начинающуюся в своем доме, защищали свое селение, жен, детей, соседей. Защищали тех, кто живет в Москве, на Дальнем Востоке… Так получилось, что война пришла непосредственно в их родной Дагестан. Им пришлось столкнуться с одним из самых подлых и жестоких в истории современной России убийц. И они остановили его ценой собственной жизни, до конца исполнив свой воинский и патриотический долг. В период с 2004 года по настоящее время еще 14 пограничников Службы за мужество и отвагу при выполнении оперативно-служебных задач были награждены орденами Мужества. К великому сожалению плата за тишину и спокойствие на границе оказалась очень высока – пограничники отдали за это свои жизни и были награждены посмертно, государственные награды были вручены безутешным матерям и вдовам…

Нынешнее поколение старается приумножать новые славные традиции верности Родине, воинскому долгу, заложенному прежними поколениями и воплощенные в подвиги героев нашего подразделения.

Основными задачами по прежнему остаются выявление, предупреждение и пресечение деятельности международных террористов, религиозных экстремистов и транснациональных организованных преступных групп, контрабанды оружия, боеприпасов, наркотиков, средств террора и диверсий через государственную границу на территории Республики Дагестан. Пограничники непрерывно обеспечивают соблюдение физическими и юридическими лицами режима государственной границы.

Все эти задачи успешно выполняются. Несмотря на непростую криминогенную ситуацию в регионе, с учетом которой осуществлялась пограничная деятельность, сложные физико-географические и климатические условия, личный состав Службы сохранил высокий моральный дух и верность Родине.

Свой юбилей мы празднуем вместе с теми, кто по мере сил и возможности помогает нам в деле охраны Государственной границы России. Отмечаем, что в последнее время все более актуально и значимо звучит для нас крылатая прежде фраза: «Границу охраняет весь народ!», что выражается в возрождающейся активности добровольных народных дружин из числа жителей приграничья.

Пограничники глубоко признательны руководителям органов муниципальной власти, представителям взаимодействующих силовых структур. Выражаем так же искреннюю благодарность жителям приграничья всем, кто оказывает посильную помощь в реализации в стоящих перед нами задач, тем самым обеспечивает безопасность России на ее южных рубежах.

**Врид заместителя начальника отдела кадров – начальника отделения воспитательной работы отдела кадров подполковник И.В. ХОЛОДИЛОВ**

*Дин ва гIумру*

# *Баркула г1идалъул къо*

Хириял диналъул вацал ва яцал!

Къурбаналъул гIид ккола бусурбабазул бищун хирияб ва кIудияб гIид. Къурбан къоялъ Адамил лъималаз гьабизе бищунго БетIергьанасе бокьулеб гIамал къурбаналъе жо хъвей буго.

Нилъее къурбан хъвей шаргIалда бихьизабиялдалъун Аллагьас нилъер такъваялъул хIалбихьулеб буго ва мискинзабазе кумек гьабизе нилъ гьесизарулел руго. Гьеб къоялъ бусурбабазул, хасго гIага-божаразул ракIазулъе рохел лъугьинабизе, мискин - пакъирасухъе кумекалъул квер бегьизе тавпикъ кьеги Аллагьас нилъее.

Аллагьас къабул гьабеги нилъер киназулго хъураб къурбанги гьарурал лъикIал гIамалалги. Аллагьас иманияб къуват - кьеги щивав бусурбанчиясе Жив разилъулеб хIалалъ хьвадизе.

Баркула киналго бусурбабазда гьаб кIудияб Байрам!

# Къурбан хъвеялъул хиралъи

**Аллагьасул Расуласул (с.т.г1.в.) гIемерал хIадисал рачIана къурбан хъвеялъул хиралъиялъул бицарал. Гьаниб гьоркьехун цо-цо хIадисазул магIнаби хъвалел руго, гьел хIадисал рихьизе, лъазе бокьарав чи ваккизе бегьула хIадисазул машгьураб тIехь «Канзул гIуммалалде».**

1. Къурбан къоялъ Адамил лъималаз гьарурал лъикIал гIамалазул бищун Аллагьасе бокьулеб гIамал би гIодобе тIей буго (къурбан хъвей) буго. ХIакълъунго гьеб (къурбаналъе хъураб жо) Къиямасеб къоялъ бачIине буго жиндирго лълъурдулги расалгун щинкIилалгун, хIакълъун гьелъул биги (къурбаналъул) ракьалде тIинкIилалде Аллагьасда аскIоб кIудияб бакIалде бахуна, гьединлъидал нуж гьелдаса (къурбаналдаса) рохун рукIа (гьаб хIадис Абудавудицаги, Тирмизиясги, ХIакимицаги бицана Аллагь разилъаяй ГIаишатидасан).

2. Щив чи вугониги ракI разиго жинца къурбан хъурав, кири щвезе букIиналда ракIги чIун Аллагь разилъиялъул мурадалда гьеб къурбан гьесие жужахIалда цебе пардавлъун чIола. (Гьаб хIадис бицана Аллагь разилъаяв Г1али асхIабасул вас ХIасанидасан). 3. Къурбан къоялъ бищун Аллагьасе гIарац хвезабизе бокьулеб бакI къурбаналъе хъвезе жо боси буго. (Гьаб хIадис ТIабараниясги Байгьакъиясги бицана Аллагь жидедаса разилъаял ГIаббасил вас ГIабдуллагьидасан). 4. Къурбаналъе хъолел хIайваназул бищун хирияб – багьаб хириябги, бищун кьариябги буго. (Гьаб хIадис АхIмадицаги ХIакимицаги бицана).

5. Байгьакъияс бицараб хIадисалдаги бищун Аллагьасе бокьулеб къурбаналъул хIайван бищун багьа тIадегIанаб ва бищун кьарияб бугилан абун буго. 6. Хирияв аварагас (с.т.г1.в.) жиндирго яс ФатIиматида абуна (магIна): «Я ФатIимат, мун дудаса къурбан хъолаго гьелда аскIой яхъун чIа, дуда лъаларищ гьелъул тIоцебе тIири тIинкIараб сагIаталъ дуца гьабурабщинаб мунагь чурула, дуда лъаларищ гьеб къурбан Къиямасеб къоялъ жиндир гьангун бичун бачIуна лъабкъоялда анцIго нухалъ цIикIкIинеги гьабун ва гьеб дур гIамал цIалеб цIадироялда тIадги лъола.

Абу СагIидил Худрияс абуна: «Я Аллагьасул Расул, гьаб жо МухIаммадил агьлуялъе хасаб жойищ. Хасаб батани, гьел гьелъие мустахIикъалги руго, яги Мух1аммадил агьлуялъеги цогидазеги гIаммаб жойищ. Гьес абуна: «Гьеб буго МухIаммадил агьлуялъеги цогидазеги гIаммаб жо»,-ян. (Гьаб хIадис ибну Аби Дуняцаги цогидазги бицана). 7.Задубну Аркъамица бицана асхIабзабаз гьикъанила: «Я, Аллагьасул Расул, гьеб къурбан хъвей щиб жо кколеб?» Гьес абуна: «Нужер эмен Ибрагьимил дин буго»,-ян. Гьез гьикъанила гьелдаса жидее щиб букIунебилан. Гьес абуна: «Щибаб рас рикIкIун лъикIлъи хъвала»,-абун. (Ибну Занжавиятицаги ибну Мажигьицаги бицараб хIадис).

8. Дайламияс бицараб хIадисалдаги абулеб буго, Аллагьасул Расулас абунила, нужеца къурбаналъе хъолеб хIайван кIудияб хъве, гьеб Къиямасеб къоялъ нуж тIад рекIунеб жо бугилан. 9. Байгьакъияс бицараб хIадисалда буго: «Къурбаналъе хъураб хIайваналъул бидул щибаб тIири рикIкIун лъикIлъи хъвала», - абун. («ИтхIаф», т. 4, гь. 746). Суннатаб къурбан хъвей суннатаб садакъаялдасаги хирияб буго.

**Расул МУХIАММАДОВ**



*Халкъияб медицина*

# ГъарцIи. (Облепиха)

**Нилъер районалъул ракьалда, хасго хьолбохъан чвахулел кIиябго гIоразул рагIаллъабазда рижун руго гIемерал гъарцIидул гъутIби. Гьелъ хасалихълъиялъул ахиралда гIубилаб кьерги бачIинабун бижараб нигIматалъ берцинлъи бачIинабула сверухълъиялда. Гьезда бижула бакIарун бажарулареб гъарцIи.**

ГIадамазе цIакъ бокьула гьеб,гьеб нигIмат пихъалъул цIакъ лъараб букIараблъун нилъер цересел умумуздаги. Хаселалъе гьеб дару бакIаризе лъикIаб букIуна.

МугIрузул росабалъ гIумру гьабулез гъарцIидул гьабула мурапа, бахъула сок, гьарула мазалги. Киназдаго гуро гьеб гIажаибго берцинаб нигIматалъулъ инсанасул сахлъи щула гьабиялъе бугеб кIвар ва гьелъулъ бугеб хIажатал витаминазул бечелъи лъалеб.

Хасго гьеб нигIмат хIалтIизабулаан тибетазул, монголазул, китаязул, гIурусазул халкъияб медицинаялъ.

НекIсияб Грециялда гъарцIи кьолеб букIун буго рагъизе рахъунел рагъухъабазе, гьезулъ къуват, къохIехьей цIикIкIинабиялъул мурадалда.

ГъарцIиялъулъ руго инсанасул черхалъе къваригIунел витаминал: С, А, В1, В3, батIи-батIиял нахал, кислотаби, гьелъул хъалалъ бугеб серотининалъ рак унти ккезе биччаларо.

ГъарцIи хIалтIизабула гьури чучиялъе ва ругъун хехго сахлъизабиялъе. Гьеб лъикIаб буго чехь - бакьазда ккараб ругъун, руччабазул унти ва радиациялъ ккарал унтаби сах гьаризе.

ГъарцIиялъул тIамхазул компрессалъ кумек гьабула мугъзал ва лугбазул рукьбузул унтабазеги.

Гьелъул гьабураб сокалъ, бахъараб нахуца сахлъизабула унтараб жаниса кIал – мухъ.

Гьелъул бахъараб нахалъ сах гьабула тIомода ругел ругънал, чохьонир ва бакьазда ругел роцIол къучIби.

Чехь-бакьалъул лъамалъи щун бугони, пайда босула гьелъул тIамхазул яги гIаркьалабазул бахъараб сокалдаса.

Дагъистаналда гъарцIи бакIаризе ккола октябрь-ноябрь моцIазда, дагьабго цIорой ккедал. ЦIорораб гъарцIиялъул пихъ хьвагIезабуни,



гьеб гIемерисеб гIодобе гъун бачIуна.

Гьелъул пихъалъул хIадурараб дару тIубараб лъагIелалъ хIалтIизабизе бегьула.

*САХЛЪИ - нилъер бечелъи*

# КАРИЕС — цаби - гIусазул унти

**Кариес - ккола дунялалда тIад бищунго тIибитIараб цаби - гIусазул унти. Гьелъ цаби-гIусазул ракьа (ткань) чIегIерлъизе, туризе, бакI-бакIазда гьитIинал гьодорлъаби лъугьинарула.**



Кариесалъ цаби - гIусал унтизе байбихьула 1,6 сон баралдаса ва хасго гьеб гIемерлъун буго лъималазул, балугьлъиялъул гIумруялъул заманалда кариес баккиялъе гIилла жеги чIезабун гьечIо. Амма якъинго лъалеб жо буго гьеб чорхолъ кколел хиса-басиязда, кIалалъул ва цаби гIусазул рацIалъиялда, кванилъ чакар гIемерлъиялда, нилъеца кваналел нигIматазулъги, лъелъги фтор дагьго букIиналдаги бараб букIин. Гьединго кариес баккиялъе квер бакъулел шартIаллъун ккола лъимаде йигей мехалда ва хадуб эбелалъ, ва лъимералъ кванил низам цIунунгутIи, батIи - батIиял рахъунел унтаби щвей.

БукIинесеб лъимадул цаби - гIусазе заралияб асар гьабула гьединго лъимаде йигей мехалъ эбелалъ хIалтIизарурал батIи - батIиял дарабаз, хасго тетрациклин абулеб даруялъ.

Кариесалъул байбихьи щибго квал - квал гьечIеб букIуна. Гьеб заманалда цаби -гIусазда баккула тIулакьераб тIанкI. Замана барабгIан гьеб гьитIинабго гьодорлъиялде сверула. Цаби - гIусал цIорон - хинлъун лъугьани ва гьодорлъиялде жанибе гьуинаб кванил хутIи ккани, цаби унтизе лъугьула. Унтарал гьеб заманалдаго тохтурасухъе инчIони, цабзазул гьодорлъи жеги кIодолъула ва цаби хвезе лъугьула.

Цабзазул нервабазул унти (пульпит) кориозныяб унтиялдаса захIматаб букIуна. Унти баккула щибго гIилла гьечIониги. ЦIикIкIуна гIемерисеб къасиялде ва бакI- бакIазде кIанцIун унтизарула гIундул, гъванша, къуншби, бащадаб бетIер ва сахал гIусалги.

ГIемерисел унтарал тохтурасухъе рачIуна цабзазул унти нервабазде щведал. Кариесалъ унтаралдаса гьел сах гьаризе захIмалъула живго унтаразеги, тохтурасеги.

Баянаб буго унти сах гьабизегIан гьеб баккунгутIиялъе тадбирал гьаризе бигьаяб букIин. Гьединго кариес гьукъиялъе данде рагъги байбихьизе ккола цаби раккизегIанги, ракун хадусалаги. Цаби раккизегIанго гьарулел тадбирал киналго лъимер гьабизе йигей, гьабуралдасаги гьеб хьихьулей эбелалъул сахлъиялда, кванида, лъимер хьихьиялъул шартIазда хурхарал руго. Гьеб заманалда кванилъ гьарзаго хIалтIизаризе ккола витаминал А, В, С, Д гьорлъ ругел продуктаби. Гьединго цаби - гIусазул гIуцIиялъулъ аслиял кIвар бугел кальциялъул ва фосфоралъул цIамал гьоркьор гьарзаял кванил продуктаби, рахь ва рахьдал продуктаби, ханал, чIегIер хIайваналъул тIул, ччугIа, гречкадул крупа, цIиял овощал ва пихъал гIемер кваназе ккола.

Цаби-гIусал раккун хадусала бербалагьи букIине ккола лъималаз кванилъ гIемер гьуинлъаби, хасго чакар, цаби - гIусазда рекIун чIолел конфетал хIалтIизарунгутIиялда хадуб. Гьезие кьезе ккола гьуинаб чай, ком пот, сокал кофе, рахь ва гь. ц.

Кариес гьукъиялъе гьединго кIудияб кумек гьабула цаби - гIусазе кидаго хъулухъ гьабиялъги. Цаби - гIусал рацIцIад гьаризе ккола радал ва къаси регилалде цере, кванан хадусала кидаго хулизе ккола бацIцIадаб, гIемер цIорочIеб лъеца.

**Лъазаби**

Ричулел руго найил тIулби ва наял (пчеломатки) карпаталъул пародаялъул. АхIизе бегьула гьаб номералда **8-938-200-00-87.**

## МАХСАРО – ХОЧАЛЪУЛ ГОДЕКIАН

**ДИЕ ГIАКДАЛ МАЦI БОКЬУЛА**

ТIоцебесеб классалде рачарал цIалдохъабазда мугIалимас цIехола, «Дир лъимал, нужее рахьдал эбелаб гуреб цоги кинаб батIияб мацI бокьулеб»? – ян.

- Учитель дие гIакдал мацI бокьула, эбелалъ цо нухалда гьеб белъинеги гьабун кьун букIана, - ян абула гьитIинав Расулица.

**ЖЕГИ ОЧЕРЕДАЛДА ТАНА**

Цо магIарул росулъ цояс рагьун буго цIияб учузаб къайи бичулеб тукен. Тукен рагьизе заман щвеялде лъугьун буго кIудияб гIадамазул ракIари (очередь).

Цо чи вачIуна бугеб очередалъухъги балагьичIого цевехун ине, хутIараз гьев гъванщаги ккун нахъе рехула. Гьедин уна лъабго къо, ункъабилеб къоялъ бакъанида гьес чIужуялда абула: - Жакъаги виччачIоха гьадал гIабдалзабаца тукен рагьизе, жеги очередалда тана, - ян.

**КИН УНЕБ КIИГО РАХЪАЛДЕ ЦО МАШИНА.**

Гаишникас чIезавун вуго цо магIарулав.

- Испектор АхIмадов! Дуда цо рахъалде гурони ине бегьуларин хъвараб знак бихьичIищ?

- Я гьудулав чи, цо рахъалделъидал дунги унев вугев, кин унев цо машинаялда кIиго батIияб рахъалде.

*нилъер росаби*

**ЦIумилухъ росу**



**Редактор:** Расул Абакаров
**Газета гIуцIарал:**
ЛъаратIа районалъул администрация ва редакциялъул хIалтIухъабазул коллектив.

Газеталъул регистрация гьабуна печаталъул ва информациялъул эркенлъи цIуниялъул республикаялъул инспекциялъ
Рег. № 0I06

Материалалда рихьизарурал хIужаби ритIарал рукIиналъул жавабчилъи тIаде кколев авторасулгун редакциялъул пикраби дандеккечIого рукIинеги бегьула.

**Адрес редакции:**
368420: Республика Дагестан
Тляратинский район,
с.Тлярата
**Тираж 1100 экз. Индекс: 5I372.**

Газета отпечатана в типографии «Лотос» по адресу:
г. Махачкала, Пушкина, 6
Время подписания в печать:
по графику: 19.00
фактически: 19.00 15.09.2015
Заказ ____________